ISSN: 3060-4737 Volume 3, Issue 01 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

# ÓZBEKSTANDA GENDER TEŃLIKTIŃ HUQUQIY TIYKARLARI

***Qoqashova Venera Tórebay qızı***

Qaraqalpaq mámleketlik universiteti,  yuridika fakultetı 1-kurs studenti

**Annotaciya**: Bul maqalada mámleketimizde gender teńliktıń tuqtan ornı, onıń áhmiyeti haqqında aytılǵan. Jánede  respublikamız  kóleminde gender teńlik máselesi boyınsha ámelge asırılǵan is-ilajlar hámde dunya mámleketleriniń gender teńlik huqıqına qanday itibar qaratılǵanı haqqında sóz etilgen.

**Tayanısh sózler**. Gender teńlik, gender teńlik komissiyası, gender statistika, gender audit.

**Abstract:** This article discusses the place and importance of gender equality in our country.It also discusses the measures being taken within our respublic on the issue of gender equality and the attention paid by foreign countires to the right to gender equality.

**Key words**: gender equality, gender statistics, the Gender Equality Commission, the gender audit.

Mámleketimizde sońǵı jıllarda gender teńlik máselesine mámleket siyasatı dárejesinde itibar qaratılmaqta. Bunıń ayqın mısalı etip ámelge asırılıp atırǵan reformalarda hayal-qızlarımızǵa jaratılǵan kòplegen imkanıyatlardan bilsek boladı. Gender teńlik máselesine toqtaytuǵın ekenbiz, birinshi náwbette birneshe jıllar aldın bizge tanıs bolmaǵan,  biraq házirgi kúnde kóp esitip júrgen bul terminniń mánisin túsinip alıw zárúr.

Gender - hayal-qızlar hám erkekler ortasındaǵı qatnasıqlardıń jámiyet ómiri hám dóretiwshiliginiń bárshe tarawlarında sol tiykarda ekonomika, sıyasat, huqıq, mádeniyat hám tálim pán tarawında júzege keletuǵın sociallıq tárep.

Hákimiyattıń bóliniw prinsipi hám ulıwma saylaw huqıqı menen bir qatarda gender teńlik zamanagóy demokratıyanıń tıykarǵı belgileriniń biri bolıp barmaqta. Ádette,biz hayaldı eń dáslep ana,shańaraq qorǵanınıń qorǵawshısı retinde húrmet  etemiz. Bıraq házirgi kúnde hárbir hayal ápiwayı baqlawshı emes bálkim mámlekette  ámelge asırılıp atırǵan demokratıylıq ózgerislerdiń belsendisi hám baslamashısı ekenligin mámleketimiz basshısı aytıp ótken edi.

Ózbekstan Respublikasi Oliy Májlisi Nızamshılıq palatası tárepinen 2019-jılı  17-avgust kúni qabıl etilgen hám Senat tárepinen sol jıldıń 23-avgust kúni tastıyıqlanǵan

ISSN: 3060-4737 Volume 3, Issue 01 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

„Hayal-qızlar hám erkekler ushın teń huqıq hám imkaniyatlar kepillikleri haqqındağı" nızamı qabıl etilgen, bul hújjet gender teńlik tarawındağı múnasebetlerdi tártipke salıwshı tıykarğı hújjetlerdıń biri esaplanadı.

Bul nızamda tiykarınan jınıs boyınsha kemsitiwge jol qoymaw, hayal-qızlar hám erkekler ushın teń huqıq hám imkaniyatlardı támiyinlew kepillikleri, bul tarawdağı mámleket siyssatınıń tiykarğı jónelisleri haqqında aytıp ótilgen. Usı nızamğa muwapıq mámleket turmısısnıń barlıq tarawlarında hayal-qızlar hám erkekler ushın teń huqıq hám imkaniyatlarğa erisiwge qaratılğan mámleket siyasatın Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti támiyinlewi de belgilengen.

Gender teńlik máselesi mámleket sıyasatı dárejesine kóterilip Ózbekstan Respublikası Oliy Májilisi Senatınıń 2021-jıl 28-may kúngi SQ-297-IV-san qararı menen "2030-jılğa shekem Ózbekstan Respublıkasında gender teńlikke erisiw strategiyası"n qabılladı. Bul strategiyanıń tiykarğı maqseti-rasası, milleti, tili, dini, socialıq kelip shıǵıwına qaramastan hayal-qızlar hám erkeklerdiń teńligin támiyinlewden ibarat.Strategiyanıń tiykarğı wazıypaları bolsa hayal-qızlardıń jer hám múlkke iyelik etiw imkaniyatların keńeytiw; jámiyet turmısı hám iskerliginiń barlıq tarawlarında, sonday-aq siyasat, ekonomika, huqıq, mádeniyat, tálim, ilim hám dep sport múnásibetinde hayal-qızlardıń er adamlar menen teń qatnasıwların qollap-quwatlaw, hayal-qızlardıń siyasiy belsendiligin asırıw, olardıń jámiyettegi ornı menen baylanıslı unamsız kózqaraslardı ózgertiw, áyeller isbilermenligin rawajlandırıwdan ibarat.

Usı orında aytıp ótiw kerek Ózbekstan Jáhán bankınıń „Hayallar, biznes hám nızam indeks"inde 190 mámleket arasınan 139-orındı iyeledi. Bul jónelisti jánede rawajlandırıw maqsetinde 224 mıńnan aslam hayal-qızlarğa jámi 6.9 trln swm muǵdarında jeńilletilgen kreditler ajıratıldı. Bunnan tısqarıda tarawda alıp barılıp atırğan reformalar unamlı tásir kórsetip, 2020-jılğa kelip Ózbekstan joqarıda aytıp ótilgen indekste 139-orınnan 134-orınğa,5 tekshege joqarığa qaray kóterildi.

Gender teńlik strategiya tiykarında mámleketimizde sońğı tórt jılda hayal-qızlar hám er adamlar ushın teń huqıq hám de imkanıyatlarğa erisiw, jámiyet hám mámleketlik jumısların basqarıwda olardıń teń qatnasıwın támiyinlew, hayal-qızlardı social-huqıqıy tárepten qollap-quwatlaw, sonıń menen birge, hayal-qızlarğa qbasım ótkeriwden qorğawğa qaratılğan keń kólemli reformalar ámelge asırıldı. Tarawğa tiyisli 25 ten aslam nızamshılıq hújjeti qabıllandı. Jánede „Gender teńlik hám shańaraq máseleleri boyınsha komissiya", Ózbekstan Respublikası Senatında Hayal-qızlar hám gender teńlik máseleleri boyınsha komitet dúzildi. Hayal-qızlardıń jámiyettegi rolin asırıw, gender teńlik hám shańaraq máseleleri boyınsha respublika komissiya, Ózbekstan Respublikası Oliy Májilisi Senatta Hayal-qızlar hám gender teńlik máseleleri komiteti dúzildi.

ISSN: 3060-4737 Volume 3, Issue 01 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

Gender teńlik máselesine dúnya mámleketleriniń kóz qarasına názer taslaytuǵın bolsaq, Fransiya Konstituciyasınıń 3-statyasında "Nızamda belgilengen shártlerge muwapıq ózleriniń puqaralıq hám siyasiy huqıqlarınan paydalanıwshı hár eki jınıstaǵı erjetken barlıq francuz puqaraları saylawshılar esaplanadı" dep kórsetilgen. Avstriya Konstituciyasınıń 7-statyasında „Mámleker hayallar hóm erkeklerdiń teńligin qollap-quwatlaydı"dep kórsetilgen. Gonkongda sońǵı jıllarda joqarı tálim imkaniyatlarınıń keńeyiwi nátiyjesinde bakalavr basqıshında student qızlar sanı hám hayallardı miynetke tartıw dárejesi de ádewir arttı.

1995-jılı Pekinde bolıp ótken Birlesken Milletler Shólkeminiń Hayallar boyınsha 6-konferensiyasınan baslap mámlekette wákillikli lawazımlarda hayallar sanın kóbeytiw ushın háreketler baslawdı usınıs etti.

Mámleketimizde bolsa 2023-jılı 18-dekabr kúni „Ózbekstan Respublikasınıń ayırım nızam hújjetlerine saylaw hám referendum ótkeriw tártibin jáne de jetilistiriwge qaratılǵan ózgeris hám qosımshalar kirgiziw haqqında"ǵı Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyalıq Nızamı qabıllandı.

Oǵan tiykar siyasiy partiyalar tárepinen deputatlıqqa talabanlar kórsetilip atırǵanda hayal-qızlardıń sanı bir mandatlı saylaw okrugleri boyınsha,sonday-aq,partiya dizimi tiykarında keminde 40 payızı qurawı belgilendi. Bunda partiya dizimindegi izbe-izlikte keminde hár bes talabannıń ekewi hayal-qızlar bolıwı anıq belgilendi.

Usı Nızam tiykarında 2023-jılı Nızamshılıq palatasına bolıp ótken saylaw nátiyjelerine kóre parlament quramı derlik 60 payızǵa jańalandı. Saylanǵan deputatlardıń 38 payızın hayal-qızlar qurap, bul Ózbekstan tarıyxındaǵı eń joqarı kórsetkish boldı.

**Juwmaq**

Juwmaqlap aytqanda, házirgi kúnde gender teńligi eń áhimiyetli máselelerden biri bolıp kelmekte. Gender teńlikti támiyinlew zamanagóy huquqıy-demokratıyalıq mámlekettiń zárúr belgilerinen biri dep aytsaq qátelespegen bolamız. Jánede bul taraw mámleket turaqlı rawajlanıwınıń tiykarǵı shártlerinen biri, sonlıqtanda ol hárdayım jámiyetshilik itibarında bolmaqta.

Maqalam sońında, mámleketimizde gender teńlik huquqı haqqında mektep hám joqarı oqıw orınlarında, hayal-qızlar hám erkekler teń huquqlıǵı haqqında arnawlı sabaqlar ótkeriliwin, hayallar bántligin keńeyttiriw, miynet bazarında teń imkanıyatlardı támiyinlewdi, xalqımızdıń gender teńlik tarawına zamanagóy kóz-qarasta bolıwın, jánede gender teńlikke baylanıslı nızamlardıń ámelde orınlanıwın ústinen qadaǵalaw ótkeriwdi usınıs etken bolar edim.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi:**

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси // URL: http://www.lex.uz

ISSN: 3060-4737 Volume 3, Issue 01 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

2. «Хотин-қизлар ва эркаклар учун тенг ҳуқуқ ҳамда имкониятлар кафолатлари тўғрисида»ги Қонун // URL: https:// lex.uz/docs/4494849

3. Global Gender Gap Report 2021 / World Economic Forum / URL: http://www3.weforum.org/docs/WEF_GGGR_2021.pdf

4. Credit Suisse AG, Research Institute, The CS Gender 3000: The Reward for Change, 2016.

5. Gender Inequality in Education. URL: https://genderstats